

Vwazen, Zanmi ak Fanmi

Kouman pou Pale avèk Gason vyolan

Eske ou santi-w konsène pou yon moun ou panse k-ap fè vyolans sou patnè li, men ou pa konnen ki sa pou ou fè? Ti liv sa detaye siy avètisman sou abi e li esplike-w kouman ou ka fè pou-w pale ak gason ki vyolan e sou move kondwit yo.

Vwazen, Zanmi ak Fanmi se yon kanpay pou louvri je tout moun sou siy fanm kap sibi abi, konsa moun ki pròch fanm sa yo ou ki pròch yon gason ki vyolan kapab pote sekou.

Se responsablite tout moun k-ap viv nan yon kominote pou prevni abi kap fèt sou fanm. Ou kapab kontakte nan kominote-w òganizasyon k-ap sipòte fanm ki sibi vyolans e ki ka ede gason vyolan yo tou.

Kanpay sa se yon tèt kole ant gouvèlman Ontaryo, Direksyon Jeneral Kondisyon Fanm nan Ontaryo e Espè sou Kesyon Vwazinaj, Zanmi ak Fanmi, asosye avèk Sant Rechèch ak edikasyon sou vyolans sou fanm ak timoun.



Siy avètisman sou Abi

Ou kapab sispèk ke yon vwazen, yon zanmi ou byen yon manb nan fanmi ou ap sibi abi, men ou pa konnen kouman ou ka abòde problèm lan. Ou kapab pè pou ou pa agrave sitiyasyon an ou byen ou inkyete paske ou pa konnen ki sa pou ou fè. Lè ou fin konprann siy avètisman sou abi, ak tout siyal sou fanm ki maltrete, ou kapab bay èd.

Si- w rekonèt kèk lan siy avètisman sa yo, se petèt moman pou ou aji:

- Li denigre fanm lan
- Li vle ke se li ki pou sèl kòk chante, fanm nan pa gen dwa pale
- L-ap veye fanm lan tout kote, menm lan travay li
- L-ap eseye pase pou yon viktim e li fè sanblan ke sa afekte-l
- L-ap chèche ekate fanm lan de lòt moun
- L-ap aji kòm si fanm lan se propriyete prive-l
- L-ap bay manti pou-l ka pase pou pi bon ou byen li menm ekzajere lan pale de bon kalite ke-l genyen
- L-ap aji kòm si li siperyè e li gen plis valè ke tout lòt moun ki lan kay la

- Dam lan** - santi-l koupab e li toujou ap fè eskiz pou nèg la ou byen li vinn agresif ou kolerik
- L-ap tranble lè l-ap pale an prezans nèg la
- Li parèt malad trè souvan e manke plis jou nan travay li
- L-ap eseye kache mak blesi sou po-l
- L-ap fabrike eskiz odènye moman pou-l esplike poukisa li pa-t ka rankontre-w e poukisa l-ap kache lè wè-w lan lari
- Li parèt tris, lese poukont, izole e li gen kè sote toutan
- Li pran plis dròg e li bwè plis tafya pou-l ka kenbe

Siyal Gro Danje

Danje-a kapab pi gran si:

- Li gen aksè a fanm lan e a ti moun yo
- Li gen aksè a zam
- Li konn abitye bat fanm e fè vyolans sou lòt moun
- Li te menase-l pou fè-l mal oubyen pou touye-l si li kite-l: Li di "Si mwen pa ka genyen-w, pesòn l_t moun pap genyen-w tou."
- Li menase fè vyolans sou ti moun yo ak bèt domestik li, ou detwi tout sa fanm lan posede
- Li te menase touye tèt li
- Li te bat fanm lan, e menm eseye trangle-l
- L-ap pase yon move moman lan lavi li (tankou, djòb, separasyon, depresyon)
- Li kwè ke dam lan gen yon lòt mennaj

- Dam lan** fenk kite mari-l ou byen l-ap prepare òganize-l pou-l kite kay la
- Li pè pou lavi-l e pou sekirite ti moun li yo ou byen li pa kapab wè si la vil an danje
- L-ap goumen pou ke se li ki kenbe ti moun yo, ou byen li te gentan gen lòt pitit nan relasyon li te gen avan
- Dam lan** gen yon lòt menaj

(Kwake pi fò abi fèt lan koup fanm ak gason, men gen abi tou lan koup masisi ak madivènèz. Konsèy ki lan ti liv sa se pou tout moun alawonbadè.)

Kouman pou Pale ak Gason vyolan

L-ap reproche dam lan kom si dire se li ki detwi la vi-l

Li pa chache jwenn okenn èd

L-ap siveye tout sa fanm lan ap fè, l-ap koute lè li ap pale lan telefòn, l-ap li let li e lap swiv li tout kote li prale

Li gen difikilte pou li kenbe yon djòb

Li pran dròg ou byen li bwè tafya chak jou

Li pa gen respè pou la lwa

Li gen de blesi dròl sou kol ke li pa menm ka esplike

Li pa ka itilize telefòn

Li gen lòt difikilte (tankou li pa pale angle, li pa gen rezidans nan Kanada, l-ap viv an deyò)

Li pa gen ni zanmi ni fanmi

Estatistik di ke fanm ki gen mwens ke 25 an, fanm andikape, fanm ki se pitit tè-a, ak fanm ki lan plasaj se yo ki kouri plis risk pou sibi vyolans. (Estatistik Kanada: Violans nan Fanmi O Kanada. Yon profil Estatistik 2005)

Pafwa gen moun ki gen nan antouraj yo, yon gason ki vyolan, men, yo fè kom si yo pa wè, menm yo sonje pote sekouri sèlman fanm ke gason saa ap maltrete.

Defwa, yo menm di gason an gen rezon, sa ki riske fè bagay yo vin pi grav. Pale ak yon Gason ki vyolan, se yon bon mwayen pou prevni tout vyolans ke fanm ap sibi, men sa dwe fè ak anpil prekosyon. Yon Gason ki vyolan paka kite vye konp_tman saa pou kont li. Gen sèvis nan kominote a ki kapab ede.

Men sa ou ka fè lè -w detekte kèk siy avètisman sou abi:

- Chwazi bon moman e yon bon kote pou ou fè yon bon diskisyon
- Abòde-l lè li pa an kolè
- Pale klè e dirèk san ou pa pase sou kote sa ou te wè
- Di li ke se li ki responsab konpotman-l. Evite di-l bagay k-ap fè-l santi ke w-ap jije-l. Pa apiye-l lè l-ap eseye blame lòt moun pou konpòtman-l.
- Di-l ke li dwe chanje konpòtman
- Pa eseye fòse-l pou li chanje ou pou-l chèche èd

Simonte Ezitasyon-w pou ou ede

- Di li ou gen kè sote pou sekirite dam lan ak pitit li yo tou
- Pa leve okenn diskisyon avèk li sou abi ke l-ap fè. Konprann ke konfrontasyon, diskisyon ka anpire sitiasyon an e mete dam lan lan plis problèm
- Rele lapolis si sekirite dam lan an danje.

Si li nye abi yo:

- Gason ki vyolan ase souvan pa bay aksyon ke yo fè yo enpòtans e yo toujou nye ke yo fè yon bagay ki mal. Yo kapab menm di ke sa pa si grav ou menm blame viktim lan pou aksyon yo fè. Tip de konpòtman saa, fè yo pa ka pran responsablite pou pròp aksyon yo.
- Lan kovèsasyon yo toujou rete sou sekirite ak byennèt fanmi li e fè li konprann ke abi se pa yon bon mwayen.
- Kenbe kontak e chèche okazyon pou ede-l jwenn èd.

Toujou proteje tèt ou. Pa rantre lan mitan yon batay. Si gen ijans rele lapolis.

Men kèk bagay pou ou pran an konsiderasyon si ou ta genyen pou bay èd:

Pwen enpòtan

Pwen pou konsidere

Ou santi ke koze saa pa gade-w

Se yon kesyon de vi ou de mò batay kont. Vyolans se responsablite tout moun

Ou pa konnen kisa pou-w di

Di ke ou pran sa oserye e ke ou santi ou konsène, se yon bon depa

Ou kapab fè sitiasyon an vinn pi malouk

Rete bra kwaze ka anpire bagay yo

Pa gen anyen grav pou enplike lapolis

Lapolis antrene sou kouman pou yo reponn e itilize lòt resous

Ou pè pou li pa vinn fè revanj sou ou ak fanmi ou

Pale avèk dam nan pou kont li. Fè lapolis konnen si ou resevwa menas

Enfòmasyon

Pwen enpòtan

Pwen pou konsidere

Ou panse ke li pa vle kite kay la tout bon vre paske tout tan lap plede ale tounen

Petèt li pa genyen sipò li te bezwen

Ou pè pou li pa mete-l an kòlè kont ou

Li posib ke-l konnen ke pwoblèm li yo kenbe-w akè

Ou santi ke tou de moun yo se bon zanmi - w

Yon zanmi ap sibi abi e l-ap viv nan laperèz

Ou panse si fi-a te bezwen èd li t-ap mande

Petèt li trò pè e li trò wont pou-l mande èd

Ou kwè ke sa se yon zafè pèsònèl

Sa pa fè sans lè malè-a rive yon moun

Liy Telefòn saa se pou fanm ki pale franse an Ontaryo e kap sibi vyolans e: **1-877-336-2433** li bay sèvis 24 sou 24 e. Pou Fanm ki soud ou byen ki pa tandè byen, nimerò a se: TTY **1-866-860-7082** Yo bay sèvis la you fason konfidansyèl.

Moun ki travay sou liy telefòn sa ka ede-w rezoud problem fanm abize ak gason vyolan. Y-ap ekzamine siy abi yo avek ou e y-ap ba-w konsey pratik pou rezoud problem yo.

Pou plis rensèyman pou sèvis sou fanm ki sibi vyolans, vizite: www.briserlesilence.ca Si-w gen kè sote pou sekirite-w rele lapolis ki lan zòn katye lakay ou.

Pi fò moun kap viv an Ontaryo santi ke se responsablite pa yo, pou you konbat abi kap fèt sou fanm. Premye bagay pou-w fè, se eseye konnen siy abi yo epi pran yo a kè. Pou plis enfòmasyon vizite: www.voisinsamisetfamilles.on.ca

Mas 2009

Disponib an Fransé e lan lòt lang

Finanse pa Gouvèlman Onraryo

CRÉOLE